

Bahasa Sunda

Nama	:	
Kelas	:	2 KH Baedhowie
Hari, tanggal	:	Selasa, 22 Maret 2022

URAIAN MATERI**A. Hayu urang maca,**

Ieu di handap aya bacaan. Ku hidep baca heula dina jero haté, tuluy caritakeun deui.

Pasapon

Pasapon téh jalma tukang sasapu. Di sakola Yudi ogé aya pasapon. Ari ngaran pasaponna Mang Barna. Manéhna sok nyapuan buruan sakola. Sapu nyérena digagangan ku kai panjang. Runtah-runtah dangdaunan sok digundukkeun. Mun geus digundukkeun, tuluy runtahna diduruk. Mang Barna téh bageur pisan. Imahna aya di tukangeun sakola.

Jaba ti sasapu, Mang Barna téh sok ngonci sakola. Sakabéh panto jeung jandéla dikonci. Kitu deui panto gerbang sakola sok dikonci. Ari isuk-isuk panto gerbang sakola sok dibuka. Tapi pasosoré mah gerbang sakola téh ditutup.

Najan aya pasapon, barudak sok mantuan beberesih. Utamana mah beberesih di jero kelas. Unggal poé barudak nu beberesih béda-béda. Ari kabagéan beberesih mah kumaha jadwal pikétna. Miara kaberesihan téh tanggung jawab urang saréréa. Beberesih di sakola kudu dilaksanakeun. Tujuanana sangkan sakola beresih tur asri. Mun lingkungan urang beresih, kaayaan matak séhat.

B. Awalan di-

Hayu urang titénan! Titénan kecap dina ieu kalimah:

ngonci → dikonci

Mang Barna téh sok **ngonci** panto gerbang sakola.

Panto gerbang sakola téh sok **dikonci** ku Mang Barna

Pigawé cara conto di luhur!

1. mupus →

Rijki mupus bor maké pamupus.

Bor ku Rijki maké pamupus.

2. ngelap →

Déwi keur ngelap kaca jandéla.

Kaca jandéla keur ku Déwi.

3. meuli →

Barudak meuli cilok di pipir sakola.

Cilok ku barudak di pipir sakola.

4. nulis →

Murid-murid keur nulis kalimah.

Kalimah keur ku murid-murid.

5. maca →

Yadi keur maca buku basa Sunda.

Buku basa Sunda keur ku Yadi.

6. ngarang →

Barudak keur ngarang sajak.

Sajak keur ku barudak.

7. ngagambar →

Wéndi keur ngagambar gunung.

Gunung keur ku Wéndi.

8. ngariung →

Barudak keur ngariung Kang Nandi.

Kang Nandi keur ku barudak.

9. ngajul →

Kang Undang keur ngajul buah.

Buah keur ku Kang Undang.

10. ngeduk →

Mang Dadi keur ngeduk solokan.

Solokan keur ku Mang Dadi.

C. Menerkeun Tulisan

Aksara gede téh dianggo kana huruf diawal kalimah, nami orang atawa name tempat. Conto:

hamperu lauk téh mun kadahar karasana pait.
Hamperu lauk téh mun kadahar karasana pait.

Kalimah ieu di handap, ku hidep benerkeun cara nulis aksara gedéna. Pigawé kawas conto!

1. nénéng melak kembang dina pot.
.....
2. yudi sakola di sd sukamaju.
.....
3. rangka keu diajar maca.
.....
4. ajat téh putrana bu euis.
.....
5. bapak awitna ti tasik.
.....
6. dédé boga ucing dua.
.....
7. di lembang réa sapi diingu.
.....
8. barudak keur arulin di buruan.
.....
9. dadang resep macaan buku carita.
.....
10. urang kudu diajar apik jeung berséka.
.....